Harita anoe pangheulana datang kana finish teh H.I.K. (6 m. 1 1/4 sec.) sarta meunang noegrarha Pakoe Alam beker. noe koedoe ditjkeul doea taen teroes-te roesan: ti dinja ditoeleup koe A. M.S. B. teu lila disoesoel koe A. M.S. A sarta masing-masing pa da meunang medali.

Toean Liendeyer sabagi panggoeroes sport, ngabagikeun priis sarta ditambahan koe biantara saeutik.

Spr nerangkeun jen estafette teh hidji sport anoe panghadena, sarta diperhatikeun koe Niau, lan taran dina estafette saeutik-saeutik diadjar samerwerken.

Dina hiroep koemboeh samerwerken teh tangtoe bakal kasorang, sarta bakal kanjahoaan koe maha goenana.

## Ti Brebes.

### KADOEROEK NEPI KA MAOT.

Dina powe Senen anoe anjar kaliwat, di desa Sawadjar (Brebes) geus aja kadjadian katijala kane anoe matak pikawitireun pi san, nja eta hidji boedak oemoer 10 taen geus kadoeroek ne pi ka maotna.

Noeroetkeun katerangan anoe matak kadjadian sakoemaha a noe kaseboet di loehoer teh kieu.

Eta boedak djung babatoerana geus heureuj, bari ngagene keun lampoe anoe aja minjakan Babatoeranana anoe saorang deui ngorekkeun kajoe api. Koe lantaran minjakna bahe, malah ngabandjoer kana hadjoena, a toeh teu sakoemaha lilana oge eta seuneu teh ngadjok kana br djoe boedak tea, ger seuneu hor roeng dina bdanna.

Koe lantaran henteu boeroe boroer aja noe noeloengan atoehtatoena koe seuneu teh lain loe majan.

Gantjang koe anoe noeloengar dikirimkeun ka roemah sakit, tapi nepi ka ajeuna kaajaanana ier boedak teh estoe matak salem pang pisan, malah teu lila teroes meot.

Pitontoeun ka baroedak sol hareureuj nionoo lampoe reu djung seuneu.

### NGAGONDOL DOEIT PA-DJEG.

Nja eta atoeht abong djamar, noe sakieu tigeratna, nepi ka loba anoe powekeun dijalan sarta nekad ngadjalankeun kalakoean anoe dilarang koe nagara.

Noeroetkeun bedja ti Brebes keneh, Loerah desa Djabarangeus kaboe doeka ka mana djig na bari mawa doek padjig anoe loba kira-kira f 500.—

Nepi ka ieu bedja ditoeleis atjan manggih katerangan dimana eta loeh teh ngajempoeana.

Politie kalawan menta bantoean di sedjen-sedjen tempat geus ngirimkeun bedja, soepaja lamoen manggihan loerah anoe kaseboet di loehoer koedoe ditangkep.

### RAGRAG TINA TANGKAL DJOHAR NEPI KA MAOT.

Kadjadian dina powe Djoemah anoe anjar kaliwat di Brebes Kidoel geus aja deui katijalakaan anoe nepi ka maotna.

Hidji boedak ngaran Solihin geus naekn tangkal djohar anoe aja di sisi djalan.

Maksodna ieu bradak teh nja eta nek ngala sajang manoe anoe aja dina dahan eta tangkal.

Barang geus nepi kana dahan tea, djol angin anoe katijida gedena nepi ka eta dahan tea semprak.

Atoeht si boedak anoe mek teh miloe kabawa koe eta dahan, sarta nagrag ka djalan anoe loba ba toe korahna.

Sirahna eumeur sarta otakna ro bah, da poegoch nagragna teh noe toeg.

Harita keneh eta boedak tea ne pi ka sisi toelisna, raga patoeraj djung njawana.

Ieu rige pitontoeun ka baroedak anoe sok resep tateakan, kitoe batina nalaktak teh.

### KALEMPOHAN TENGAH DJALAN.

Dina malem Senen anoe anjar kaliwat di djalan kota Brebes, ki ra poekoel 9 peuting, geus aja ka djadian anoe matak karoenja.

Hidji awewe ngagoler tengah djalan bangoen anoe leuleus beak ti karep.

Barang aja noe njampeurkeun manehna nerangkeun, jen geus doea powe teu manggih dahar, ka tambah kahoejdanan djung kai-boenan, atoeht ikaboeloesan.

Koe lantaran kapanggihna koe noe djaga gardoeh, toeloel eta awewe anoe kalempohan teh diki rimkeun ka bale desa Brebes Ki doel sarta dibere dahar.

Saha ngaranna djung oerang mana-manana eta awewe tea tatan manggih deui katerangan.

### BOENTOETNA PERKARA BAROEDAK DJAHAT DI SEMARANG TEA.

Katerangan Minister Colijn Presidene Hoogerechtshof, geus menta diomoeumeun via Aneta, jen kateranganana Minister Colijn kana pertanaanana toean Feber di Tweede Kamer, tjoetjog reu djung sakoemaha rapertrna Hoogerechtshof noe disanggakeun ka pamarentah di Indonesia.

### SITSSEN EN LOUZADA.

Voorstel soepaja diliquidatie.

Noeroetkeun bedja „Aneta“ di Semarang. Loc nerangkeun jen algemeene vengadering ti firma Sitsen en Louzada di Djokja geus divoorstelkeun soepaja eta firma teh teroes ditoeleup bae.

Pamajaran bisa ditarep gembleng 100 pCt.

Pagawean-pagawean anoe ajeuna masih keneh didjalankeun baris geuroes nepi ka dianggeuskeunna.

### KOMPLOTTAN PENDJAHAT.

Komplotan pendjahat di Brebes, sigana rada pang-anehna, sa bab dina powe Kemis anoe anjar kaliwat, landraad geus mariksa oeroesan kadjahatana.

Ti anjanana, dina ieu komplotan pendjahat teh aja saorang bang sa Arab djung saorang deui Ageng Politie.

Docanana dihoekoem sataoen sewang.

### Hoedjan gede di Modjokerto.

Aja sababaraha karoeksa kan.

Noeroetkeun bedja ti Modjokerto, mangkoekna di eta tempat geus aja kadjadian hoedjan noe katijida gedena nepi ka aja saba baraha imah pakampoengan anoe koedoe ambrek, nja kitoe deui ta tangkalan aja sababaraha poeloeh anoe raroengkad.

Waloengan-waloengan tjarah sarta ngaroeksa kana saokor palawidja anoe aja di eta wewengkon.

Tjai di eta kota pohaja gedena nepi ka rata-rata djalan kakeum loehoema semet toeoe.

Pikeun sawatara lilana damar histrik oge kapaksa koedoe dieureunan sarta kota ngarasa powek lantaran ngadjaga bisi aja gelap.

Oentoeng dina kadjadianana ieu bahaja teh henteu aja katijalakaan djelema.

### Conferentie Regenten.

Noe bakal diajakeun dina taen ieu.

Sakoemaha biasa dina saban ta oen di perang (di poelo Djawa) sok diajakeun Regenten Conferentie anoe diloeleogean koe G. G.

Ajeuna dina taen ieu geus bisi ditetepkeun jen ajana conferentie Regenten teh diajakeunana nja eta dina tanggal 4 April di Magelang, 9 April di Bondowoso djung tanggal 26 April di Bogor.

Djadi ajana conferentie Regenten teh diajakeunana di tiloe tempat, antara Djawa Tengah, Djawa Wetan djung Djawa Koelon.

# MULOSCHOOL PASOENDAN

DI TASIKMALAJA

(gelijgesteld bij Gouvta. besluit ddo. 27 Nov. 1931 No.47322/E)

Ti ajeuna parantos ngawitan nampi pimoerideun kang go Cnrsusjaar 1935/1936. Noe bade ngalebetkeun poe trana kedah ENGGAL njarios ka Kapala sakolana soe pados diteraskeun ka Directeur Mulo (sameme ping 15 Februari 1935 kedah parantos aanmelden), disarengan koe majar artos ka s'Landstas kanggo examengeld seueurna f 5.— (lima roepia). Katerangan noe langkoeng paos tiasa moendoet ka oenggal Hoofd H.I.S.-en Schakelscholen.

Kalajan namina H.B.

Bale Pamoelangan Pasoendan.

De Voorzitter:

AHMAD ATMADJA

## PASOENDANSHOOL

### DI CHERIBON

(Leerplan: Europ. Lagere school)

Nampi keneh moerid kanggo klas I sareng klas II. Noe bade ngalebetkeun poetrana sae soemping ka sakolana di Kedjaksan 81, pajoneun pisan Gemeente Raadhuis, atanapi ka Djoeragan E. SOEPARMAN, Opzichter Gemeente Cheribon.

Bajaranana minimum f 2,50 sasasib.

Namens het Hoofdbestuur Pale

Pamoelangan Pasoendan:

De Voorzitter:

AHMAD ATMADJA

## Sport

### Voetbal Garoet.

NORMAAL — SIOD II.

Dina powe Saptoe noe anjar ka liwat di lapang Taloen geus dia jakeun pertandingan sakoemaha noe kaseboet di loehoer.

Boeboehan oesoem hoedjan tea, noe maraen teu boeroeng bloek-blak rea noe lalaboeh.

Bal mimitina mah beunang dise boetkeun ka ditoe-ka dieu bae, tapi kalilankeun kapaksa Siod koedoe mindeng nampa serangan noe berbahaja, ti Normaall, nepi ka kapaksa noe kaseboet ti heula diperekkep koe koelit boeud, ka walahan koedoe narima kaelehanana.

Nepi ka boerit stand tetep 2—0 keur kaenggoelan Normaall.

### Voetbal Tjamis.

SIMPAY REK NGADOEKEUN TANAGANA.

Meunang bedja ti noe pantes dipertjaja, Simpaj rek ngondang v.v. Diana ti Bandoeng djung v. v. S.I.O.D. ti Garoet.

Oepama bener katijida publik ngarep - ngarepna kana proeng, lantaran geus lila pisan Simpaj, njampaj bae, teu atjan diadoekeun djung club sedjen.

Moal boa matak ramena.

## Telef. Adm. 1520

## Telegram

### ITALIE.

Ngadeukeutan bahaja perang.

Italie ngirim-ngirim keun baladna.

Napels, 18 Febr. (Aneta-Reuter). 2000 soldadoe geus ditndit keun kana kapal, „Gange“ pikeun ka Somaliland sarta pitjondoe keunana ka ditoe tg. 24 Februari.

Baroedak sakola noe dibere extra-vacantie, ngabaja toer se moe noe aratoheun pisan pada narongton pradjoerit noe ngaleut ngeungkeuj ngabandoleut nga djoengdjoeng ka palaboean.

Djendral Peruggi, onderbevelhebber militie (dibawah parentah Duce) mariksa barisan. Lontjeng-lontjeng garedja, nja kitoe deui hatong-hatong kapal kabeh disa dakeun, nepi ka matak kelar ma tak ketir kadengena, waktoe ka pal „Gange“ keur indit ti palaboean teh.

### KABAR BAEK.

Toean dan Njonja kapan ma-oe pake barang model taen 1935 lekas datang pada:

„TOKO SAN“  
DAMES MODES MANUFACTUREN.  
No. 1714.

### INDIA.

Bibit pest noe djadi lantaran.

Bongan disoentik keun ka batoer, noe boga dosa dihoekoem pati.

Alipore, 16 Febr. (Aneta-Reuter). Sabadana diajakeun paparik saan noe katijida lllana, doca Britsch-Indiërs, anoe disalahkeun maehan sasama hiroep, koe nja goenakeun soentikan bibit pest, koe rengrengan pangadilan dihoekoem pati.

Noe baroga dosa teh ngaranna noe hidji Benajjendranath Pandey, doeloer tere noe dipaehan djung hidji deui dr. Taranath Bhattacharya. Doeaan deui doktor-dokter bangsa Britsch-India, anoe oge katoeding miloe tjampoer tangan kana eta radja-pati katimbang ingkar tina dosana.

Noe dipaehan teh nja eta hidji djalma kaja toer ngabogaan tanah oeploek-aplak (djadi toean tanah), sedeng noe kaasoe, kana achli warisna ngan saorang-oerangna, nja eta doeloer-terena tea O.M. nerangkeun, jen ti heula oge geus aja antjaman kana patina noe dipaehan teh, nja eta koe ngagoenakeun soentikan ma ke bibit tetanus. Demi meunang na Battacharija pestbaccillen tea, tjenah ti roemah-sakit di Bombay Didjalankeunana soentikan, lain tjara biasa, tapi dina waktoe noe diintip-intip keur balik ka imahna ti panjabaan, geus didodoho koe doean, ditatoen koe barang seukeut, noe ngandoeng bibit pest tea. Tidina teroes njeun verklaring kamatin palsoe, noe netelakeun, jen noe dipaehan teh paehna lantaran kasakit septische pneumonie. Atoeh sateroesna mah nja gampang bae dikoeboerna.

### DUITSCHLAND.

Dihoekoem pati lantaran ngoetjah-ngatjeh rasiah kamilliteran

Pirang-pirang awe- wedjadi wadal logo-djo

Berlijn, 18 Febr. (Aneta-Reuter). Kalawan officieel geus dibe warakeun, jen doea awewe (Frau Benita van Falkenhayn djung Frau Renate von Natzmer), anoe dina 16 Februari ditibanan hoekoem pati lantaran ngoetjah-ngatjeh (verraad) rasiah

# Pangangoeran

## Si Galing-Moentang pepagatan.

Dihin pinasti, anjar pinanggih! Takdir teu beunang dipoengkir, kadar teu beunang disinglar!

Bagdja awak, milik diri, si Galing-moentang pepagatan noe mo al beunang ditepoengkeun deui.

Saemoer hiroep, malah nepi ka kiamat oge, moal bisa ditepoengkeun deui.

Nolas, ikhlas, bibilisan teh saenjana.

Lain regel deui ieu mah, tapi nepi ka roegoel, malah toengtoengna mah, djadi doegoel djung bedegoel.

Tah, nepi ka kitoe nolas ikhlasna teh.

Henteu aja tjotjonganana, hen teu aja popotongana, henteu aja randana, henteu aja doedana.

Entjep teu ketjet-ketjet, ngan oekoer ngahepkep.

Si Manehna, ngalimba semoe nalangsa.

Bongan bae aja bedja, anoe dihoekoem mah, sanadjan persdelict, zonder pardon, saha bae oge koedoe didoegoelan, atoeht ramboetna Oon Bakrie oge, si Galing moentang tea, ti ajeuna mela di goebroel diobral teroes sampe doe goel djung bedegoel, disahkeunna na koe Coiffeur Warta di Aloen aloen.

Deudeuh teuing Galing-moentang, bet ngadadak patoeraj tioneung.

Saenggeusna Oom Bakrie didoe goelan, si Galing-moentang geus henteu aja dikieuma, matak pahilli djung djamaah moen di Tandjoeng Priok mah.

Onze dames en heeren, oelah ngabalieur moen patepoeng reudjung noe doegoel.

Nja eta atoeht, ari soegan Entjep, si Galing-moentang mah rek nangkél bae, moentang ka noe ka goenganana. Ari ieu, bet ngan sa pandjang ngeunah, da ka djero boei mah moemoel miloe!

Leuheung keneh oepama balik ti boei moentang deui mah.

Djadi tetela, mending doegoel kawas.....

Entjep.



## TOKO A. B. C.

Pasar Baroe 49 tel. 123 — Bandoeng —

Adres noe parantos sohor kanggo roepi-roepi BEDIL-PESTOL — katent obatna sareng paparobotanana. Sajaj oge bedil-angin merk B. S. A. Dimez — Haennel s.d.j.t.

Ngagaleuh seueur kencing korting, Gampil ngatoer na mah, kempelkeun bae sareng rerentjangan tangtos koe djalan kieu karacs:

OENTOENG sareng MIRAHNA!!

REPARATIE: ngangge garantie. Kintoeunkeun roepi parobotan noe parantos resak sa pertes'bedil — pestol — lampoe-lampoe s.a.d. Mangga boektoskeun.

Mirah—Rapih sareng njoegemakeun!!!

# Pasoendan!

Tanah PASOENDAN! Oerang PASOENDAN! di poeurna

TANAH PASOENDAN (BANDOENG) Atikanana oge tangtos kedah nganggo dasasar atikan KAPASOENDANAN.

Tah, sakola anoe njoempoman kana kapalaj teh anawit: H. I. S. PASOENDAN Poengkoerweg No. 12.

- Basa Walanda ti voorklas keneh soemawonten di kl. I mah.
- Lebet kana liist sakola anoe gadoeh hak kana atoe- ran kindertoelage.
- Goeroena sadaja bevoegd.
- Bajaranana mirah.
- Kapalana djoeragan Karta Brata, moal aja noe bi-reuk.

Mangga lebetkeun poetra teh ka sakola „H. I. S. Pasoendan“

Nampi pimoerideun di oenggal-oenggal kelas. Bestruur Pagoejoeban „PASOENDAN“ Tjabang Bandoeng.







Raad Agama.

Koe: SOET. SEN. (Samboengan)

Ajeuna kantoen masalahna: aja-teu ajana Hakim Sjar'i anoe ga-doeah taolijah oemoem, bisa maksa nerapkeun hoekoem Islam.

Sanggem djsim koering: hakim noe kitoe teu aja. Saer djoeragan D.K.A.: aja. Djsim koering njebarkeun teu aja teh, sanes moeng pedah teu aja stbl. atanapi bibl. bae. anoe nerangkeun kana ajana eta Kodli - sakoemaha anoe diserat koe djoeragan D.K.A. dina walerana na - nanging kapan sanggem sim koering dina djawaban ka an djeunna:

Saperkawis djoeragan D.K.A. moal jasa noedoehkeun wet anoe ngoatkeunana. Kalih perkawis ditampik koe boekt-boekt. Katiloe perkawis kahala-ngan koe wet.

Djadi katingali ajeuna, djsim koering henteu ningal tina djiat poelitik bae, malah pangheulana bisa netepkeun teu ajana taolijah oemoem teh, tina djiat agamana. Pikeun njangkiran sangka, bisa padjar djsim koering anti ka na ajana pangloeloe, hatoer oeni-nga: eta henteu pisan-pisan.

Moal aja noe bisa ngaleuleu ngit: Hoofdpanghoeloe teh hakim chos, nja eta voorzitter Raad Agama, ngeroes perkara a noe geus ditetepkeun dina bevoegdheidna, nja eta babakoe na saoker perkara noe patali djeung moenakahah, djeung ngeroes perkara sipil antara Moeslimin djeung Moeslimin, noe aja patali djeung aga ma toer teu diatoer koe ordo nansi sedjen.

Nja kitoe deui Hoofdpanghoeloe teh adpisoer Landraad. Ieu memang natrat, tetela laratanana. Tapi ari Hakim Sjar'i a noe boga taolijah oemoem mah bisa maksa nerapkeun hoekoem Islam, tetep lairna. Naon ari hartina Hakim Sjar'i? Ieu paradosan didjawab koe djoeragan D.K.A.

Saerana: Ari hartina Hakim atawa Kodli Sjar'i teh njaeta Hakim anoe ngahoekoemanana mak-enas-enas tina Koen'an. Hadis idjma sareng kias. Ti baheula nepi ka ajeuna pangloeloe-pengloeloe di oerang teh kitu-ngadjalankeunana hoekoeman

Tah, ieu teh leres pisan kitoe teu mentjog saeutik-eutik atjan Ngahoekoemanana kedah kitoe Djadi: noe maling diteukteuk leu ngeunna, noe zina diradjam atanapi di rangket, noe moengtrad (pindah agama) dipaehan, noe tinggal solat dipaehan, sareng djabi ti eta.

Koering teu rek ngagoeloeloe noe baheula - perijaja kana kitoe na. Tapi noe ajeuna? Oepama aja djoeragan Panghoeloe neukiteuk leungeun noe maling, moal henteu oedjoeg-oedjoeg kerewed bae koe poelisi, pedah ngakaja djelema, zware mishandeling boea.

Tjebi mana taolijah oemoem-na? Entong napi ka dinja, oepama maksa bae nitah tobat ka noe teu salat, koedoe kodo, moal henteu djadi perkara. Dimana bisana nga larapkeun hoekoem Islam? Kapan parantos teu mantra - mantra Mangka - mangka ajana Qodli Sjar'i teh keur ngadjalankeun hoe koem.

Matak doraka ka oerangna pedah teu aja Qodli Sjar'i noe boga taolijah oemoem? Henteu, sabab elat daroerot, oerang koedoe toengkol kana wet. Terasna saer djoeragan D.K.A.

Deui anoe diseboet Hakim Sjar'i teh, anoe ngadjalankeun atawa ngeroeskeun Sjar'a a noe toedjoeh roepa tea, saokoe mah na noe parantos ditatakeun koe pribados kapoengkoer, Ta

ra aja dina agama Hakim sa-beulah sapotong, saperti ngoeroeskeun kawin bae woeng-koel, henteu djeung ibadahnna

Kantenan, jaktos kitoe. Anoe mawi teu aja di oerang mah Qodli Sjar'i noe boga taolijah oemoem da boekt ngan sabulah sapotong ngan woengkoel noe aja rengkol-na dina ordonansi tikah, bevoegdheid Raad Agama, kolktoran artitel 134 I.S. ayat 2 tea. Perkara ibadahnna, saperti:

maksa zakat, maksa poesa maksa salat, kapan teu bisa, ka halangan manten koe artitel 173 I.S.

Saladjengna djoeragan D.K.A. nerangkeun ajana Qodli Sjar'i teh nganggo hoedjah, teu perloe aja rengkol-na dina Staatsblad, tjoe-koep koe dianggapna djeung dipakena.

Ieu hoedjah henteu bisa diango. Bisa soteh make oekoeran anggapan lamoen teu aja Imam atawa Dhoesjaokah. Kitoe oge a noe dipake oekoeran teh ngan anggapan ahloelhalli wal'aqdi, sanes massa, oerang rea, sakoemaha a noe disaoerkeun koe djoeragan Ardi. Ari ajeuna kapan aja noe boga kakawasaan, noe atoerana na koe oerang koedoe ditoeoer.

Dina lebah dipakena, djsim koering teu patos ngartos. Naha dipakena koe dilema oemoem? A toeh henteu diadi katerangan, da tiemoem mah babari kabobodo, ka dang-kadang nganggap karamat ka toekang tipeo, sering kadjadi, an.

Anoe mawi saer foegoeha ke dah ahloel halli wal akdi. Ieu oge teu bisa dipake, kaha langan manten koe noe boga ka wasa (Pamarentah).

Saer djoeragan D.K.A.:

Barang poelo Djawa geus diereh koe Gouvernement, eta kaajaan pangloeloe teh tetep bae, henteu dirobah, boh pangkatna, boh pagaweanana, boh pangasilanana, nepi ka ajeuna. Henteu aja pamarentah harita pangloeloe-pangloeloe koedoe eureun, malah nja toeloej dibeslutan, ngan bisloeit tina lain bisloeit djadi Hakim, tapi doemeh djadi Adviseur dina Landraad bae, anoe baris dipoendoetan advies koe Voorzitter Landraad tina age ma djeung adat. Ari diseboet na mah nja pangloeloe keneh djeling noe dibisloeitan teh djelema eta keneh, anoe tadi na geus djadi pangloeloe tea.

Aeh, aeh, da kopring oge ari njeboet mah angger djoeragan Panghoeloe. Ngan lain hakim a noe boga taolijah oemoem dina kaagamaan. Malah djoeragan D.K.A. ke andjeun parantos ngakoe, jen lain hakim, da ngan..... adviseur Landraad.

Hakim sareng adviseur benten na bleg siang sareng wengi. Hakim mah nibankeun hoekoem, ari adviseur ..... ngan tiba nembongkeun. Tjenah eta djelemana eta keneh, henteu bisa dipake sa bab tetepna pagawean. Teu benten sareng djoeragan Achmad keur diadi wadana Tjibeber sareng parantos pangsoen. Kapan noe dibisloeitanana eta keneh. Ta di bisloeit pangkat, ajeuna bisloeit pangsoen. Lamoen djoeragan Achmad narikan padjeg tjara keur tadi, tanwande ditangkep. Tjara djoeragan Panghoeloe nga radjam noe zina, tangtoe ditangkepna, sanadjan kitoe koedoena mjeunggoeh tjara.

Naon sababna? Dilarang koe nagara, geus dia toer dina wet. Mana ngadjalankeunana hoekoem noeroetkeun Quoer'an? Kapan henteu! Noe matak lain hakim Sjar'i noe boga taolijah oemoem.

Teroesna saer djoeragan D.K.A.:

Naon sababna anoe matak koe Gouvernement henteu di bisloeitan ditetepkeun djadi Hakim Sjar'i. Lamoen kitoe, soemawonna lamoen Gouvernement ngaja-

keun staatsblad ngatoer Hakim Sjar'i, atoeah sasat ngaloe loegoekon kana agama, djadi pabentar djeung artitel 119 R.R. tea, anoe geus ngabebas keun perkara agama. Pendekna lamoen oerang ngarep-ngarep hajang aja Hakim Sjar'i anoe dibenoemd koe Gouvernement, nepi ka ki jamat oge moal bisa kadjadi-an.

Soemoehoen kitoe! Henteu aja, sareng moal aja, sipat Pamarentah mageuhan art. 173 I.S. (119 R.R. baheula).

Noe matak tjek koering geun-ning:

Tah koe ajana ieu, parantos leungit sifat Hakim Sjar'i, ieu ngit kakawasaan oemoem, teu daja teu oepaja, iwal ngeroes keun kawin djeung perkara sipil antara Moeslimin djeung Moeslimin a i; teu bisa maksa poesa, maksa lebaran, teu bisa ngoretkeun masjid.

Kapan ieu omongan koering teh sapatatos sareng pamendakna djoeragan D.K.A. teu aja hakim Sjar'i noe boga taolijah oemoem teh. Atoeh rek madoean naon deui?

Saer djoeragan D.K.A.:

Djeung lamoen oerang nekadkeun, doemeh teu aja Hakim Sjar'i noe dibenoemd koe Gouvernement tetep di oerang teu aja Hakim, atoeah oerang sarerea doraka, da kapan nga jakeun Hakim teh jardoeh kija jakeun.

Naha, da aja deui djalanana pikeun ngajakeun Kodli, nja eta koe djalan dipilih koe ahloel hilli wal akdi.

Saperkawis, tjek emoetan, ma sing 1000 kali peuting ditekadkeun oentjaj, moal djadi oentjaj.

Kalih perkawis, noe nekadkeun teu aja hakim Sjar'i noe boga taolijah oemoem, pedah teu aja, moal langkoeng dorakana ti batan noe nekadkeun aja, tapi teu aja.

Ari perkawis ahloel halli wal'aqdi entong dilamoen, mjeung goeh tjaranana teu katji, moenggoeh ddrigamana matak ka boei. Perkawis anak djadah ti baheula parantos katjariskeun. Ajeuna moal diwangsoelan deui. Tina babagan Moehakam tingali di na Fatawi Koebro. Nadjan aja Qodli teu aja pambenganana.

Saer djoeragan D.K.A.:

Sok soemawonna djaman ba heula, waktoe poelo Djawa me meh diparentah koe Gouvernement, atawa kabehdieuna-keun, dalah dina djaman ajeuna pisan, dina djaman pergerakan, djalma teh nganggapna: ka Hoofdpanghoeloe nja Hakim Sjar'i.

Moal aja 1 pCt. dina djam ajeuna noe teu nganggap kitoe. Sagerea njeboetna ka panghoeloe teh kapala agama. Pangagoeng-pangagoeng oge nja kitoe anggapanana.

Toeh, bakating koe hajang siga aja hakim sjar'i noe boga taolijah oemoem, djol deui bae hal anggapani teh.

Anggapan sing djelema teu bisa djadi hoedjah, moen rek oge ahloel halli wal'aqdi tea. Tapi ieu kapagat, teu meunang, sabab aja noe boga kawasa.

Oepama enja tea mah, aja pangagoeng noe nganggap ka panghoeloe kapala agama noe boga taolijah oemoem, koering di dieu bisa nerangkeun, jen eta anggapan salah, kajawan nganggo sanad-sanad anoe soeh.

Dina pasamaan Volksraad noe ka 40-na, tanggal 20 Augustus 1934, waktos toean Feulletau de Bruyn ngasongkeun voorstel ka Pamarentah, soepaja noe djadi boepati diangkat deui kana kapala agama, wakil Pamarentah. Di rektoe B.B., parantos sasaoeran kieu:

„Hoofd van den godsdienst (in politiekreligieuze zin) is de regent ook in vroegere jaren nimmer geweest. Wel heeft de regent het oppertoezicht over de personen van den geestelijken stand onder de Mohamedaansche bevolking, welk toezicht in hoofdzaak een politoneel karakter heeft, zoodat er in dit opzicht geen bezwaar tegen bestaat, dat dit toezicht ook wordt uit geoefend door een Christen-regent". 1).

Kinten-kinten Soendana kieu: „Ti baheula oge noe djadi boepati teh lain kapala agama,

Enja an koedoe nalingakeun kiai-kiaina rahajat Moeslimin tea mah, tapi ieu teh babakoe na ngan perkara kapoelisianana bae, nepi ka teu aja halanganana, oepama ieu panalingaan didjalankeun koe boepati-Kristen".

Koemaha ari kitoe? Sok soemawonna panghoeloe, boepati oge geus lain kapala agama: Tetela deui perkara anggapan teh, soemawonna anggapan massa (rahajat biasa), dalah pangagoengna geus salah, da Pamarentah mah boektina kitoe.

Ajeuna, minangka hoedjah pa noetoe, geusan ngajakeun, aja na Hakim Sjar'i djoeragan D.K.A. ngagoenakeun lafad Kinajah. Saerana:

Ajeuna oerang njaritakeun artitel 134 I.S. alinea 2 tea.

Eta alinea geus rada dirobah omonganana tina asalna, tapi ari maksoedna mah saroea bae. Soepaja djadi tabah terang ka noe keur dipadoekeun, leuwih hadne oerang njokot asalna bae heula nja eta artitel 78 R.R. Dina artitel eta oenina kieu:

„Art. 78 (2) Evenwel blijven de tusschen Inlanders of tusschen met deze gelijkgestelde personen van denzelfden landaard gerezen burgerlijke geschillen, welke volgens gods dienstige wetten of oude herkomsten ter beslissing staan van hunne priesters of hoofden, daaraan onderworpen." (Soend.)

Tapi perkara papadoean anoe kadjadian di oerang priboei atawa di djalma-djalma noe disabangsakeun djeung eta, toer bangsa noe satanah keneh, anoe biasana sok dipoetoeskeun koe pangoloena atawa kapalana noeroetkeun agamana atawa adatna, eta tetep bae djadi oeroeseun maranehanana.

Sanadjan oenina eta artitel katjida djembarna, ngaweng-ko kana sagala perkara, tapi tjek toekang wet noeroetkeun staatsblad taoen 1835 No. 58 noe dimaksoed koe eta artitel teh ngan papadoean perkara kawin djeung waris bae.

Kadjeun, tapi oerang koe doe awas kana ketjap tetep djadi oeroeseun maranehanana, sabab eta omongan teh ngandoeng maksoed kana netepkeun djeung ngajakeun ajana pangloeloe anoe sok moe toes oeran priboei noeroetkeun agama djeung adat, nja eta pangloeloe anoe geus ngadeg ti baheula tea atawa Kodli Sjar'i.

Ieu teh koe pribados mah dianggap lafad Kinajah kana netepkeun ajana Kodli Sjar'i. Djadi noeroetkeun paham agama mah koe sakitoe oge asa geus tjoekeop pangangger na (erkenning) Gouvernement ka Kodli Sjar'i, teu koedoe ma ke staatsblad deui, teu koedoe ngabisloeitan deui, eta mah perkara doenja pisan.

Koe ieu katerangan lain matak djadi terang ka noe keur dipadoe keun, tapi boekt.

Lantaranana:

Saperkawis ieu artitel geus dirobah. Lain robah ketjapna bae, tapi oge robah maksoedna. Pamarentah moal ngarobah tamboeh-tamboeh: maksoedna robahal teh nja eta njengker koe. A wal oepama geus diatoer koe or donansi sedjen.

Ajeuna mah kapan oenina teh:

(2) Evenwel staan de burgerlijke rechtzaken tusschen Mohamedanen, indien hun a-datrecht dat medebrengt, tei kennisneming van den godsdienstige rechter, voorzover niet bij ordonnantie anders is bepaald.

Soendana kinten-kinten:

(2) Tapi lamoen henteu di atoer koe ordonansi sedjen, sa kabeh perkara sipil antara Moeslimin djeung Moeslimin, koedoe dipariksa koe hakim agama, lamoen kitoe koedoena noeroetkeun hoekoem adat.

Mangga koe noe maraos bandingkaun. Kapan sakitoe benten na.

Kalih perkawis ketjap burgerlijke koe djoeragan D.K.A. kaloe-li-loeli, nepi ka robah hartina eta artitel. Perkara naon noe dioeroeskeun koe Raad Agama, oepama tjan di atoer koe ordonansi sedjen? Pjdjawabuanana: BÜRGERLIJKE zaken! Teu ajana ketjap burgerlijke

matak njarkeun. Noemoetkeun kenging djoeragan D.K.A. nepi ka papadoean perkara agama oge siga hakna Raad Agama, da baheula mah anoe kitoe teh dipoetoes koe hakim. Noe matak aja basa „wa hoekmoel hakim, jarfa' oel chilaf". Koemaha ajeuna lamoen aja pa padoean perkara agama, oepama na tina perkara djoemaahan, sa ha noe moetoes?

Teu aja. Antep, sina ngabebe res sorangan, saer Pamarentah. Ngan dimana matak goedjmed, kakara koe boepati atawa wakila na koedoe dibebere. Sarta dina ngabeberesna koedoe menta pane rang an ti kiai-kiai, noe dipertjaja koe doe pihakanana.

Toeh geuning kitoe. Kiai, lain Raad Agama. Padahal hal agama. Tapi Qodli Sjar'i geus teu boga hak ngeroesna. Model! Aja deui kamodelanana Qodli Sjar'i ngahoekoeman noeroetkeun adat, kapan „hoekmoel cerfi wal'adati hoekoem moenkaroen, wa moe aridlotoen lihakkamil lahi wa rosoelih" (hoekoem adat hoekoem noe diingkar, njoelajan hoe koem Allah djeung Rosoelna. Roe glijah katja 307).

Nja aja adat anoe sok dipake, tapi anoe teu njoelajaan sjara. Ari adat sagemblengna mah teu aja istisna, lain hoekoem terapkeun hakim sjar'i.....

Kantoen ajeuna sim koering na rik conclusie:

1. Hoofdpanghoeloe voorzitter Raad Agama.

Kakawasaan Raad Agama dialas, nja eta noe aja dina a-jat 2 tina art. 134 I.S. Noeroetkeun katerangan ti Pamarentah noe dimaksoed koe ieu ajat ngan oemoemna perkara familie-en erfrecht djeung netepkeun toeroenan.

2. Raad Agama bisa moetoes djeung ngadjalankeun poetoesan, dimana noe perkara daek noeroet.

Lamoen noe boga perkara teu tarima kana poetoesan mah, angger teu bisa maksa ngadjalankeun poetoesan.

3. Hoofdpanghoeloe atawa wa kilna bisa djadi wali hakim.

4. Hoofdpanghoeloe atawa Raad Agama henteu boga hak moetoes-perkara ibadah atawa ngadjalankeun hoekoem sakoe maha mistina tjek sjar'a, da kahilangan koe wet art. 173 I.S. Dianteban koe sirkolir za kat - fitrah, sirkolir Djemaah.

5. Sok soemawonna Hoofdpanghoeloe, boepati oge koe Pamarentah henteu dianggap kapala agama.

Djadi:

a. Noe aja ngan hakim sabev lah sapotong (Hakim Chos)

b. Hakim Sjar'i noe boga taolijah oemoem henteu aja.

Pamarentah moal ngangkat oerang moal bisa ngangkat.

Ari geus kitoe - saer djoeragan D.K.A. ka djsim koering -

koemaha p'ersaeun, da kapan a-ri kana Qodli Sjar'i katjide perloena pikeun ngeroeskeun hiroep koemboeh Moeslimin, lamoen teu boga Qodli oerang sarerea do raka?

Djsim koering agan tiasa nga waler: dalah dikoemaha! Oepami oerang lebah dieu kedah doraka - emoetan koering mah henteu - oerang moal bisa lesot tina eta kadorakaan koe nekadkeun aja Hakim Sjar'i. Margi ajana hakim teh keur ngeroes: sanes tekadkeuneun.

Naon mangpaatna nekadkeun aja, barang noe euweuh?

Noe kedah diadi oedagan sada jana: dieudjeh pakeun ngadjalankeun agama oerang binnende perken van de wet, diero kalang noe diwengkeun koe Nagara. Boh noe njekel kapangkapan noe toerodjogan patali djeung Agama, boh noe djadi pangoengtoen Agama, koedoe pad' ngoelik haqna masing-masing. Nepi ka mana meunangna paroentah-parentah moenggoeh Nagara, nepi ka mana meunangna ngadjalankeun Agama.

Emoetan djsim koering dina lebah perkara noe keuna ka sa-oemoemna oemah Islam di oerang, tjara oepamana poesa, na ha henteu leuwih aloes oepama noe djadi panghoeloe atawa Raad Agama ngadjak badami ka noe pantes diadjakan badami?

Dina henteu bisa sapatatosna, moal bisa diadi patjektikan, da geus badami. Oelah gampang poeksoe-paksa atawa wera, toeh kakawasaan henteu boga. Agama teh lain noe djoeragan Panghoeloe, lain noe somah, noe sarerea. Breng sarerea pada -sosen-soson, sabisa-bisa ngoedag noe aloes tiek sjar'a, toer wenang tjek Nagara.

Sing pada ichlas, oelah sagala dipapag koe sangka. Koemaha ieu mah, naar eer en geweten, ha iang ngomean perkara zakat-fitrah, madjar teh hasoed, madjar teh dengki, madjar teh ngareboer!

Kana taladjak noe kieu koering teu bisa ngahormat. Oepama koering salah dina lebah eta, poer geura tjempad, koe enas sjara, koe enas Nagara, tembongkeun salahna, oelah diekoer koe koerangna kabagean fitrah!

Sakali deui ka djoeragan D.K.A., patjektikan di Tasikmalaja sanes lantaran teu ajana Qodli Sjar'i, tapi koe taladjakna noe ka loear tina haqna, nja tjek agama, nja tjek darigama.

Gadoeh pamoehoen ka djoeragan D.K.A. moegi dina ieu mas alah oelah bade ngageungkeun sangka, oelah ngadoe palangsiang, boa-boa, teu pamohalan sareng sabangsana. Disoehoenkeun sing zakelijk bae. Moal aja toeng toengna. Principe djsim koering, sipat kadada kadoega, wenang tjek agama, wenang tjek Nagara, tara datangka teu moelang samboeng. Oepami aja geusanna, dilangkoengan.....

INDIAN KRUIDEN MEDICIJNEN - MUSLIM TABIB A. B. YUNANI

Oude Kerkhofweg (Bantjeu) 56, moeka Pasar Loak baroe, Bandoegg Specialist aambien (wasir) dan Impotentie (Peloech). Ditangoer dalem 12 hari bisa bikin baik, zonder operatie dan zonder bakam Djoeja bisa mengobati segala roepa-roepa penjakit loear dan da lem, biarpoe lama atawa baroe. Perampoean tida bisa boenting, bisa mengobati sampe boenting.

World Paradise oil Ada seroepa obat boeat orang laki. Harga dari 5 gram f 1 - da ri 10 gram f 1.75. Djoeja obat-obat bisa kirim dengan reimbours. Djam bitjara: dari djam 8 pagi sampe djam 8 malem. 72

Bewara.

Koe margi boeko: „HERINNERINGEN VAN P. A. A. DJAJADININGRAT" bade enggal dikaloearkeunana, disoehoenkeun ka para bestuur tjabang Pascoendan, ti ajeu na enggal milari anoe pingagaleuheunana, lijst djenengan-djenengan sareng adres-adres na ajoehoenkeun enggal dikintoeun ka Hoofdbestuur. HOOFDBESTUIR „PASOENDAN"



## Volksraad

Karet katerangan Pamarentah  
— Samboengan —

Biantara Mr. Hart. (dir. Economische Zaken).

Het resultaat van de enquête die in hoofdzak beruiste op aangeven van de eigenaren der rubberplantingen, was, dat er rond 2350 000 tapbare boomen werden geregistreerd, toebehorende aan ongeveer 11 000 eigenaren.

De uitschrijving der maandelijksche oogstvergunningen geschiedde op het licentiekantoor voor den rubberexport te Batavia, de distributie ervan vond plaats door tusschenkomst van de licentiehouders-B, dat zijn de assistent residenten.

De op deze wijze doorgevoerde restrictie voor de bevolkingsrubberaanplantingen op Java heeft in het algemeen naar volvoering gewerkt. Slechts ontstond er een sterke aanranding van de zijde der licentiehouders-B en de rechtstreeks belanghebbenden om vrije overdracht van oogstvergunningen aan de ondernemingen van de eerste groep mogelijk te maken, aan welken aanranding door het aanbrengen van een wijziging in de Ondernemingsrubberuitvoervergunning werd gevolg gegeven.

Voorts kwamen er talrijke aanwijzingen binnen, dat de eerste registratie der aanplantingen enerzijds onvolledig was geweest en anderzijds vele onjuistheden bevatte. Op 11 November 1934 werd besloten in November 1934 tot een herregistratie over te gaan, welke door een zeer groot aantal steekproeven werd gecontroleerd en tot een resultaat voerde van 3.250.000 tapbare boomen in handen van een kleine 20 000 eigenaren.

Hierbij bleek, dat velen een te groot rubberbezit hadden opgegeven, waartegenover tallozen stonden, die geen opgave van hun rubberbezit hadden ingediend.

Aangenomen mah worden, dat thans voor de uitvoering van de restrictie voor de bevolkingsrubberaanplantingen op Java praktische de grotere moeilijkheden zijn opgelost.

Ik heb gemeend op dit niet zeer belangrijke gedeelte van de rubberrestrictie wat dieper te moeten ingaan, omdat hierdoor een indruk kan worden verkregen van de bezwaren, die men in de groote rubbergewesten buiten Java en Madoera bij de invoering van een individueele restrictie zal ondervinden, vnl. bij de tuisregistratie, die hieraan zal moeten voorafgaan.

Ik moge hieraan nog toevoegen, dat de individueele restrictie der bevolkingsrubber op Java onder de zeer gunstige omstandigheden is uitgevoerd, dat aan elk worden tapbaren rubberboom een flink basisquotum van 1 1/4 kg kon worden gegeven, hetgeen in de buitengewesten lang niet mogelijk zal zijn, daar men hier aan een beperkt totaal-quotum is gebonden.

Ik kom thans tot de uitvoering van de rubberrestrictie voor de bevolkingsrubbercultuur in de buitengewesten, welke gedurende het eerste restrictiejaar plaatsvond door toepassing van het sterk becritiseerde bijzondere uitvoerrecht. Sterk becritiseerd, niet alleen vanwege de toepassing als restrictiemiddel, maar ook omdat men in deze zaak, zoowel als internationaal — dat mag er wel bij worden gezegd — de effectiviteit van het uitvoerrecht als restrictiemiddel in twijfel heeft getrokken.

Ik wil hier thans uitsluitend op het laatste punt ingaan, en in verband hiermede het volgende over het verloop der gebeurtenissen mededeelen.

Bij de overwegingen, die haar hebben geleid de invoering van de restrictie op bevolkingsrubber door middel van een uitvoerrecht voor te stellen heeft de Regeering zich voor oogen gesteld, dat b.v. uitgaande van een marktprijs van 20 cts per 1/2 kg std sheet Batavia een bijzondere uitvoerrecht van omstreeks 10 cts per 1/2 kg droge bevolkingsrubber noodig zou zijn om den uitvoer van bevolkingsrubber tot het bij een restrictie van b.v. ± 25 pCt. toegelaten uitvoerquotum terug te brengen.

Aldus is voor verschillende mogelijkheden een overigens soepel schema opgebouwd. De Regeering achtte het raadzaam, bij den aanvang der restrictie niet aan

stonds en hiermede geef ik antwoord op de vraag van het geachte lid, den heer Sosoradikoe noemo het recht tot de volle zwaarte te heffen, maar hiermede een zekere geleidelijkheid te bestrachten. Zoo werd het recht voor Juni vastgesteld op 5 cts per 1/2 kg droog, voor Augustus op 1 cts per 1/2 kg droog, waar na voor September werd overgegaan tot de volle heffing van 10 cts per 1/2 kg, op welk niveau het recht tot 16 December bleef gehandhaafd, na welken datum het werd teruggebracht tot 8 cts.

De resultaten van de rechtseffing waren in zooverre bemoedigend, dat de zeer hooge uitvoeren van bevolkingsrubber in de maanden Maart, April en Mei van resp. 21.000, 21.000 en 28.000 ton in de maanden Juni, Juli, September en October werden teruggebracht tot resp. 16.000, 16.000, 13.000 en 16.000 ton. Minder gunstig was in den aanvang het feit, dat hiermede de maandelijksche exportquota regelmatig niet onbelangrijk werden overschreden.

Teneinde hiervoor een verklaring te geven, zou ik erop willen wijzen, dat de wereldmarkt prijzen van rubber gedurende de eerste drie maanden van het eerste restrictiejaar een regelmatige stijging te zien hebben gegeven. Zoo bedroeg de middenprijs voor std. sheet Batavia in Juni 20 cts per 1/2 kg, in Juli 22 cts, in Augustus 23.1 cts met een hoogste notering van bijna 24 cts, en in September 22.9 cts. Deze stijging werd oorzaak, dat met het uitvoerrecht gedurende de eerste maanden der restrictie geregeld achter de markt werd aangelopen, waardoor het beoogde effect niet werd bereikt. Bovendien werden door de regelmatige verhoogingen van het recht geen voorraden aangehouden, zoodat behalve in de maand Augustus (eind Augustus vond geen verhooging van het recht plaats), aangenomen kan worden, dat de geheele productie werd uitgevoerd.

De vaststelling van het restrictiepercentage voor het eerste kwartaal 1935 op 25 stuitte de opwaartsche beweging van de markt en bracht een reactie teweeg, waardoor de middenprijs in de maanden October, November, en December resp. kwam op 20.6, 19.4 en 19.1 cts per kg std sheet Batavia.

Zoodanig reeds gemeld, werd het uitvoerrecht tot 16 December op 10 cts gehandhaafd. Dit had bij de dalende markt het gevolg, dat de prijs in het binnenland een evenredige daling onderging, waardoor in de eerste plaats de productie van bevolkingsrubber terugliep en in de tweede plaats speculatieve voorraadvoering optrad, welk laatste verschijnsel bij dalende markt als volkomen normaal is te beschouwen. Tengevolge van deze factoren verminderde de October-uitvoer tot 5.600 ton en de November-uitvoer tot 5.000 ton.

Deze sterk teruggelopen exporten maakten het mogelijk, zonder een te groote overschrijding van het uitvoerquotum te riskeeren, medio December het uitvoerrecht eenigermate te vieren, waardoor het productie-apparaat wederom in de gelegenheid kon worden gesteld zich binnen de gestelde grenzen te ontwikkelen. Een gedeelte der voorraden werd hierdoor in de tweede helft van December gespuid, waardoor de uitvoer gedurende diemaand op 11.500 ton kwam te staan.

Hiermede kwam de totale overschrijding van het exportquotum voor bevolkingsrubber op ruim 8.000 ton of 10 pCt. van dit quotum.

Gezien de groote moeilijkheden van den inzet der restrictie na eenige maanden van hoogen uitvoer van bevolkingsrubber en de aanvankelijk b-hoorlijk oploopen de markt, mag dit resultaat bevreemdend worden genoemd in zooverre het een bewijs is dat de Regeering het in voldoende mate in de hand heeft aan de door. Haar aangegane internationale verplichtingen te voldoen. Hierop leij ik sterk den nadruk.

Ik zou hieraan nog willen toevoegen. Mijnheer de Voorzitter, dat de geruchten, welke waar willen maken, dat de Regeering zich bij de hanteering van het uitvoerrecht bepaalde maxima en minima zou hebben gesteld, geheel uit de lucht zijn gegrepen; het ware niet noodig, deze canard hier te bestrijden, indien dit beest je in de praktijk niet wel eens

kwaadaardiger eigenschappen ten toon spreidde dan dit ras gemeenlijk vertoont en zoo nu en dan niet van kooli werd gehaald om de internationale rubbermarkt anders dan op reële wijze te beïnvloeden.

